КІуэкІуэ Юрий Іэ щІидзащ къулыкъущІэ щхьэхуэхэр гъэувыным теухуа указ зыбжанэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі къулыкъум пэрыуващ Налшык къалэ округым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэу щыта Къэндзокъуэ Мухьэмэд. КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщіу щыта Битокъу Владимир КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу ягъэуващ. Иужьрей ильэсхэм КъБР-м и къэрал властым и органхэм къулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэр щызэныгъа Къушырокъуэ Залым экстремизмэм пэщІэтынымкІэ профилактикэ лэжьыгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэр пхыгъэкІынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщІакІуэ властым и органхэм я лэжьыгъэр зэгъэуІуным пыщІа Іуэхухэмкіэ КъБР-м и министрщ. Абы и къулыкъум хиубыдэ Іуэхухэм ятеухуа положенэм къыщыгъэлъэгъуакъым министерствэм и аппарат къызэрагъэпэщыну, абы и къудамэхэр щыналъэхэм къыщызэІуахыну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету, иІыгъа къулыкъур щхьэщхьыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу гъэувын **Битокъу Владимир Михаил и къуэр**.

2. Мы Указым кары егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм шыщхьэУІум и 3-м
№104-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщіу гъэувын **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд Мартын и къуэр**.

2. Мы Указым кары егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм шыщхьэУІум и 3-м
№105-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министрым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министру гъэувын **Къуэшырокъуэ Залым Къэрэщей и къуэр**.

2. Мы Указым кары егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм шыщхьэУІум и 3-м
№106-УГ

Алэкъей А. М. и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Нэгъуэщі лэжьапІэ зэрыкІуэм къыхэкІыу Алэкъей Арсен Михаил и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэщым и къуэдзэм и къулыкъур щхьэщыхьым.

2. Мы Указым кару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм шыщхьэУІум и 3-м
№107-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м къыдигъэкІа Указ №241-УГ-мкІэ къищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьаныи и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету **унафэ сощІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м къыдигъэкІа Указ №241-УГ-мкІэ къищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн икІи абы хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Битокъу Владимир Михаил и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр;

Къуэшырокъуэ Залым Къэрэщей и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и министрыр.

2. Мы Указым кару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм шыщхьэУІум и 3-м
№108-УГ

Щомахуэ Л. Б. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЩІалэгъуалэм хэкур фІыуэ егъэлъагъуныкІэ гъэсэныгъэ етыныкІэ хуэгъэза Іуэхум кІуэдзэрыхищІыхьам папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр етын **Щомахуэ Льостэн Былу и къуэм** - зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ Зэщіуэзэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ советым щыхь зиІэ и лэжьакІуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 30-м
№103-УГ

Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къулыкъур Алэкъей Арсен егъэзащІэ

Дыгъуасэ екІуэкІащ Налшык къалэ округым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ и Советым и зи чэзу сессие.

АБы щыхэплъащ нэгъуэщІ лэжьапІэ зэрыкІуэм къыхэкІыу Къуэдзокъуэ М. М. Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ къулыкъур щхьэщыхьым. Депутатхэр зэакьылэгъуу арэзы техьауащ Алэкъей А. М. Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и ящэ къуэдзэу гъэувыным икІи конкурс Іуэхуэр зэфІэкІыху къалэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр гъэзэщІэныр абы и пщэ илъхьэным.

Алэкъей Арсен Михаил и къуэр 1960 гъэм Тырныауз къалэм къыщалъхуащ. 1989 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр агромелиоративнэ институтым мэкъумэш Іэнатіэр зехьэныкІэ и кафедрэм и стажеру-къэхутакІуэу лэжьэн щІидзащ. 1993 гъэм щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и егъэджакІуэ нэхъыжьщ, къэрал-правовой дисциплинэхэмкІэ, уголовнэ правэмкІэ и кафедрэхэм я унафэщщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лэжьыгъэр хабзэм и Іэныкъэжькіэ къызэгъэпэщыныкІэ Іэнатіэм и унафэщщ, 1997 гъэм щегъэжьауэ хабзэхъумэ Іэнатіэм щылэжьащ. 2014 гъэм и щыщыІэ мазэм щыщІэдзауэ ар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщым и къуэдзэу щытащ.

Юридическэ щІэныгъэхэм я кандидатщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№149 (23.057) • 2015 гъэм шыщхьэУІум (августым) и 4, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ къызэтеГъэувыІэныр гукъыдэжкІэ зэлэжь Іуэхукъым

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэм я зэІущІэ. Абы щытепсэлъыхьащ щІэпхъаджащІэхэм ебэныныкІэ, экстремизмэм, терроризмэм пэщІэтыныкІэ, блэкІа ильэсхэм зэхащІыхьауэ щыта къуанщагъэхэр зэхэгъэкІныкІэ лэжьыгъэр щІэгъэхуэбжьэным.

ГУЛЪЫТЭ хэха хуащІащ радикальнэ Іуэху еплъыкІэхэр пхымыгъэкІыным хэзгъэза профилактикэ лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным. Республикэм щыІэ оперативнэ щытыкІэм, иужьрей зэманым къэхуа Іуэхухэм (дыгъуасэ Налшык щаукІащ хабзэхъумэхэм Іэщэ яІыгъыу къапэщІэува щІэпхъаджащІэу хы) къагъэлъагъуэ мы лэжьыгъэм бгъэдыхьэкІэщІэхэр къыхэзгъэтын зэрыхуейр.

КІуэкІуэ Ю. А. зэІущІэм хэтахэм яригъэцІыхуащ экстремизмэм пэщІэтыныкІэ профилактикэ лэжьыгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэр пхыгъэкІыныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщІакІуэ властым и органхэм я лэжьыгъэр зэгъэуІуным пыщІа Іуэхухэмкіэ КъБР-м и министрщІэр. КъБР-м и Іэтащхьэм 2015 гъэм шыщхьэУІум и 3-м къыдигъэкІа Указымкіэ я къулыкъум игъэуващ юридическэ щІэныгъэхэм я кандидат, политолог Къуэшырокъуэ Залым.

«Зи Іэщіагъэм эхэІэзэ, лэжьыгъэм хэзыщІыкІ цІыху, къызэгъэпэщащІэу Іэкіуэлъакіуэщ, ар жэуапІныгъэ ин зыпылъ мы Іэнатіэм щылэжьэфыну сыщогугъ. Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ япэщІэтыныкІэ лэжьыгъэр гукъыдэжьм тещІыхьауэ ебгъэкІуэкІ хъунукъым. Ди щІалэгъуалэр щІэпхъаджащІэхэм зэрызыхащэр иджыри къызэтрагъэувыІэфакъым. Ауэ а гуГуэхьыр езыр-езыру дэкІынукъым», - къыжиІэщхьэхуэкІащ КІуэкІуэ Юрий.

Зыхэплъэ Іуэхум и лъэныкъуэкІэ и мыхьэнэр зыкІи мынэхъ цІыкІуу къалъытащ экономикэм, цІыхухэр лэжьапІэкІэ къызэгъэпэщыным. КІуэкІуэ Юрий абы теухуауэ къыхигъэщхьэхуКІащ бизнесым, псом хуэмыдэу хьэрычэт Іэнатіэ мыиным, унагъуэ бизнесым зегъэужьыныкІэ Іэмал тэмэмхэр зэтегъэувэн зэрыхуейр. Хьэрычэт Іуэхум хьыкъэр къыззэтезыгъэувыІэ гугъуехь нэхъыщхьэхэм ящыщу республикэм и Іэтащхьэм къигъэльэгъуащ административнэ лъэпощхьэпохэр. Зауэдапщэм щыжиІащ КІуэкІуэ Юрий. - ИльэсыР къызэрихьэрэ республикэм щагъэзэщІащ ветеранхэм зещІагъэкъуэным хуэгъэза проект зыбжанэ икІи абыхэм хиубыдэу мы Іуэхущ Іапіэр нобэ къызэрызэІутхыр хуабжьу ди гуапэщ. Ар ятелъэжьнущ ТекІуэныгъэр къытхуэзыхьахэм, къыкІэлъыкІуэ щІэблэхэм я гъащІэр зыхъумэхэм. Ди ветеран Іапіэхэм яхуэмыфащэ фІыгъуэ щыІэкъыми икІи дэ ди къалэнщ абыхэм гулъытэрэ гуапагъэкІэ дабгъэдэтыну. Ди дежкІэ икъукІэ гуапэщ ди нэхъыжьхэм мы Іуэхущ Іапіэм тэмэму зэрызыщагъэпсэхунур, я узыншагъэр зэрыщагъэфІэкІуэнур.

КъБР-м и Іэтащхьэм фІыщІэ яхуищащ зэман кІэщІым къриубыдэу лэжьыгъэшхуэ езыгъэкІуэкІа инженерхэм, ухуакІуэхэм.

Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ Зэщіуэзэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд къыщыпсалъэм жиІащ:

- Дыдэрыт юбилей илъэсым ди республикэм зэи хуэмыдэжу Іуэху хьэлэмэт куэд щрагъэкІуэкІащ. Си мызакъуэу, республикэм ис псоми къызэралъытэмкІэ, ахэр икъукІэ нэгъэсауэ икІи тэмэму къызэрагъэпэщащ. Ахэр ирагъэкІуэкІащ цІыкІуми инми я псэм, я гум дыхьэу. А псоми папщІэ гугъу зезыгъэхьахэм фІыщІэ ин яхуэощІ.

ЯпэкІэ зэи къэмыхъуауэ, Хэку зауэшхуэм хэта дэтхэнэ зыми мы гъэм министрхэр, депутатхэр, районхэм я Іэтащхьэхэр ирагъэбыдыІащ псэупІэ и лъэныкъуэкІэ ди нэхъыжьхэр зыхэт гугъуехьхэр накьыгъэм и 9-м ирихьэлІэу дагъэкІын папщІэ. Зауэм хэтахэм ящыщу хущхьуэ и лъэныкъуэкІэ льготэ зиІэхэри абыхэм я пІэкІэ ахъшэ къеІызыххэри зыхуэй хущхьуэгъуэхэм щагъащІэркъым. Апхуэдэ бгъэдыхьэкІэ къыщызэрагъэпэща нэгъуэщІ щыналъэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэкъым. Мис, ноби дэ зи чэзу гуфІэгъуэ Іуэхум дыхэтщ.

Сыт хуэдэ гугъуехьми упэлъэщынущ, зэщІыгъуу уелэжьмэ. Ветеранхэм я кьалэныр я зэхэщІыкІымрэ акъылымкІэ нэхъыщІэхэм ядэгуэшэныщ. Дэ дяпэкІи дытелэжьэнущ ди республикэм, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр, зэгурыІуныгъэр, мамырыгъэр, гуапагъэр хъумэныным.

Нэхъыжьхэм я зыгъэпсэхупІэр къызэрызэІуахым теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутатхэу Быф Анатолий, Ульбашев Мухьэрбий, Щхьэгъущ Адэлбий, Геккиев Заур, республикэм и къалэ, район псоми я ветеран зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Хэку зауэшхуэм хэтахэм я зыгъэпсэхупІэ дэгъуэ Іуащхьэмахуэ лъапэ къыщызэІуахащ

Хэку зауэшхуэм ди къэралым къыщихьа ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъур зэрагъэлъэпІэнум зыщыхуагъэхьазырым хиубыдэу КъБР-м и Іэтащхьэм 2014 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм къигъэувауэ щытащ «Іуащхьэмахуэ лъапэ» пансионатыр зэрагъэпэщыжу Хэку зауэшхуэм и ветеранхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ я узынщагъэр щагъэфІакІуэ центр ящІыну.

АБы ипкъ иткІэ мазих иримыкъу лъэхъэнэм лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІащ: унэри абы и Іэшэлъашэхэри щІэрыщІэу зэрагъэпэщыжащ, коммуникацэ псори зэрахъуэкІащ, гъуэгуфэр зыхуей хуагъэзащ. Пэшхэм щІэта унэлъащІэр, телеаппаратурэр, хьэкъущыкъуэхэр, сантехникэр, медицинэ Іэмэпсымэхэр щІэуэ къащохуащ.

Гулъытэ хэха хуащІащ зи лъэм тэмэму зэримыхьэ икІи гу цІыкІуэхэр къэзыгъэсэбэп ныкъуэдыкъуэхэм загъэпсэхун папщІэ зыхуэфащэ Іэмалхэр къызэгъэпэщыным. Унэ щІыхьэпІэм пандус хуащІащ, унэ кІуэцІым щІэт лифтыр нэхъ икІэ зэрахъуэкІащ. Апхуэдэу пэшхэмрэ зытхъэщІыпІэхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэм зызытрагъэщІэн убыдапІэхэр щращІэкІащ.

Мы центрыр уэздыгьей мэз иным и кум хэтщ икІи абы зэуэ цІыху 40-м зыщагъэпсэхунущ. Абыхэм Іуэхутхьэбзэ псори пщІэншэу хуащІэнущ.

- Ди къэралым и унафэщІ Путин Владимир зи пашэ «ТекІуэныгъэ» къызэрызэпэщакІуэ комитетым иубзыхуа Іуэхухэр гъэзэщІэным дэ адэкІи пыдощэ, - зыгъэпсэхупІэр къызэрызэІуахым теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэм щыжиІащ КІуэкІуэ Юрий. - ИльэсыР къызэрихьэрэ республикэм щагъэзэщІащ ветеранхэм зещІагъэкъуэным хуэгъэза проект зыбжанэ икІи абыхэм хиубыдэу мы Іуэхущ Іапіэр нобэ къызэрызэІутхыр хуабжьу ди гуапэщ. Ар ятелъэжьнущ ТекІуэныгъэр къытхуэзыхьахэм, къыкІэлъыкІуэ щІэблэхэм я гъащІэр зыхъумэхэм. Ди ветеран Іапіэхэм яхуэмыфащэ фІыгъуэ щыІэкъыми икІи дэ ди кьалэнщ абыхэм гулъытэрэ гуапагъэкІэ дабгъэдэтыну. Ди дежкІэ икъукІэ гуапэщ ди нэхъыжьхэм мы Іуэхущ Іапіэм тэмэму зэрызыщагъэпсэхунур, я узыншагъэр зэрыщагъэфІакІуэнур.

КъБР-м и Іэтащхьэм фІыщІэ яхуищащ зэман кІэщІым къриубыдэу лэжьыгъэшхуэ езыгъэкІуэкІа инженерхэм, ухуакІуэхэм.

Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкіэ Зэщіуэзэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд къыщыпсалъэм жиІащ:

- Дыдэрыт юбилей илъэсым ди республикэм зэи хуэмыдэжу Іуэху хьэлэмэт куэд щрагъэкІуэкІащ. Си мызакъуэу, республикэм ис псоми къызэралъытэмкІэ, ахэр икъукІэ нэгъэсауэ икІи тэмэму къызэрагъэпэщащ. Ахэр ирагъэкІуэкІащ цІыкІуми инми я псэм, я гум дыхьэу. А псоми папщІэ гугъу зезыгъэхьахэм фІыщІэ ин яхуэощІ.

ЯпэкІэ зэи къэмыхъуауэ, Хэку зауэшхуэм хэта дэтхэнэ зыми мы гъэм министрхэр, депутатхэр, районхэм я Іэтащхьэхэр ирагъэбыдыІащ псэупІэ и лъэныкъуэкІэ ди нэхъыжьхэр зыхэт гугъуехьхэр накьыгъэм и 9-м ирихьэлІэу дагъэкІын папщІэ. Зауэм хэтахэм ящыщу хущхьуэ и лъэныкъуэкІэ льготэ зиІэхэри абыхэм я пІэкІэ ахъшэ къеІызыххэри зыхуей хущхьуэгъуэхэм щагъащІэркъым. Апхуэдэ бгъэдыхьэкІэ къыщызэрагъэпэща нэгъуэщІ щыналъэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэкъым. Мис, ноби дэ зи чэзу гуфІэгъуэ Іуэхум дыхэтщ.

Сыт хуэдэ гугъуехьми упэлъэщынущ, зэщІыгъуу уелэжьмэ. Ветеранхэм я кьалэныр я зэхэщІыкІымрэ акъылымкІэ нэхъыщІэхэм ядэгуэшэныщ. Дэ дяпэкІи дытелэжьэнущ ди республикэм, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр, зэгурыІуныгъэр, мамырыгъэр, гуапагъэр хъумэныным.

Нэхъыжьхэм я зыгъэпсэхупІэр къызэрызэІуахым теухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутатхэу Быф Анатолий, Ульбашев Мухьэрбий, Щхьэгъущ Адэлбий, Геккиев Заур, республикэм и къалэ, район псоми я ветеран зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.



Фейдэ къыпэмыкІуэу лэжьэнукъым

Эстониемрэ хъэрычэтыщІэхэм хэщІыныгъэшхуэхэр ягъэт я гъэшхэкІхэр Урысейм къашэу щащэну Іэмал зэрамыІэжьым къыхэкІыу.

Иджы фермерхэм къэрал унафэщІхэм зыхуагъэззэну я мурадщ Іэщ гъэхъуным мылькуу трагъэкІуэдар хуапшынжьыну хуагъэуву. Евро мелуанибл къратыжьын хуейуэ къалъытэ Іэщ зыгъэхъухэм.

Гъэш къэзылэжьхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ МураКас Йанус зэрыжиІамкІэ, кризисым къарита хэщІыныгъэм пагъэувыну мазае кІуам Еврокомиссэм къаритыжащ евро мелуаниблым нэблагъэ. Иджы абыхэм Эстониемрэ и правительствэм тхыгъэ зэІухакІэ зыхуагъэзэнущ, икІэщІыпІэкІэ закъыщІигъэкъуэн, къэрал бюджетым щыщ ахъшэкІэ къадэІэпыкъун зэрыхуейм трагъэчъныхьу. Фейдэшэу афІэкІа зэрымылэжьэнур ткІийуэ жаІащ щыхьэрычэтыщІэхэм.

Лъэхъуэм къегуэт

ХъугъуэфІыгъуэхэр къэлъыхъуэныр Іэщ Іагъэ зыхуэхъуахэр машІэжьым иджырей зэманым.

Америкэм щыщ Флоридэ штатым хыхь Санфорд къалэм щыщ Шмиттхэ я унагъуэр псым, щым щІэлъ фІыгъуэхэр къагъуэтыным зэрыдихьэхрэ куэд щІащ. ПщІэншэрылажьэуи пхужьІэнукъым ахэр. Лъэхъуэм къегъуэт жыхуаІэраци, 2013 гъэми блэкІа илъэсми налкъутналмэс къахэхъащ абыхэм. Иджыблагъэ абыхэм Атлантикэ хым и Іуфэм къыщагъэтащ доллар мелуаным щІигъу и уасэ дыщэхэкІэр. Ахэр кьрахащ илъэс щищкІэ узэІэбэкІыжмэ хым щІилъэфауэ щыта испан къуухым.

Къуухыр щыщІилъэфауэ зыхуагъэфащэ щыпІэр Брисбен Брен зи унафэщІ компанием къыщохуащ икІи хуейкэр пщІэ пыухыкІакІэ абдеж «щыщкІуэну» хуит ещІ. Апхуэдэ Іэмалыр къагъэсэбэпащ Шмиттхэ я унагъуэм - зэщхьэгъусэхэу Рикрэ Лиззрэ, абыхэм я бынхэу Хилларирэ Эрикрэ. Абыхэм я насып къриихьэкІащ дыщэ ахъшэ 51-рэ метр 12 зи кІыхьагъ. дыщэ пщэхъурэ къагъэутыну.

Хабзэм къызэригъэувымкІэ, я хъым къихъуам и процент 20-р Флоридэ штатым и мылъкум халъхьэнущ, къэнар Брисбен и компаниемрэ Шмиттхэмрэ зэхуагъэшынущ.



♦1668 гъэм шампанскэ фадэ лІэужьыгъуэр зэращІыр къагупсысащ.

♦1777 гъэм Лондон дунейм щыпэу иджырей цирк къыщыІэхащ.

♦Америкэм щыщ джаз музыкант цІэрыІуэ **Армстронг Луи** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦ЩІэныгъэлІ, абхъаз-адыгэ бзэ гупыр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, Куржымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Рогавэ Георгий** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Уэрэджьакіуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Шыкъ Мизхаил** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор **Іэкіатэ Валерий** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦США-м и иджырей президент, Нобель и саугъэтым и лауреат **Обамэ Барак** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

♦Кхъухьлъатэзехуэ, Урысейм и ЛІыхъужь **Цей Эдуард** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкІэ, Налшык пшэ техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 30 - 32-рэ, жэщым градус 21 - 23-рэ щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ

Ямылъэгъуа бланэ къаукІырккъым.

● Щэнхабзэ

Тхылъым и пщІэр къэІэтыжыным йогупсыс

Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысей Ипщэмрэ я щІыналъэхэм тхылъ къыщыдэзыгъэкІхэм махуитІкІэ Налшык зэІущІэ купщІафІэхэр щрагъэкІуекІащ.

ЯПЭ махуэр къызэІуахащ тхылъыщІэхэм я гъэлъэгъэныгъэкІэ. Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкіэ и къэрал институтым я лэжьыгъэхэр утыку къыщрахьащ «Наука», «Астрахань», «Учитель» (Волгоград), «Белый город», «Эльбрус» тхылъ тедзапІэхэм, Котляровскэ Мариерэ Викторрэ я Іэхъущлапіэм, КъБР-м тхылъхэр фІыуэ зылъагъуэхэм я зэгухьэныгъэм, Къэрэкіынэ литературэмкіэ тхылъ тедзапІэм (Москва), нэгъуэщІ куэдми. ЛІыкІуэхэмрэ бысымхэмрэ ирагъэкІуэкІа зэІущІэр теухуат тхылъым елэжь Іэнатіэкъэ я зэфІэкІкІэм зэрыкъагъэхъуэнумрэ абы и лъэныкъуэкІэ щІыналъэхэр нэхъ гъунэгъу зэрызэхуэхъуну Іэмалхэмрэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм, щІыналъэм щыпсэуэхэм къабгъэдэкІыу хьэщІэхэм фІэхъус ярихащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Битокъу Владимир. Абы кьыхигъащащ елжэр нэхъ мащІэ щыхъуа зэманым ирагъэкІуэкІ зэІущІэм фІы кьахудэкІуэну зэрыщыгугъыр. Ахъуэдэуи ар тепсэлъыхьащ тхылъ къыдэзгъэкІыным и Іуэхур республикэм зэрызэщІызэтеублам.

- ХэкІыпІэ къызыхуэлъыхуэн хуей Іуэхугъуэ нэхъыщхьэу нобэ ди пащхьэ кьоувэ цІыхубэм я гур елджэным хэзгъэушыжыныр. А кьалэныр псоми ди зэхуэдэ лэжьигъэу къызолъытэ. Тхылъхэр щэнымкІэ, пэжыр жьІпІэмэ, гугъуехьхэр щыІэщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэр мы Іуэхум холІыбІыхь. Журналистхэр тхылъыщІэ къыдэкІхэм ятотхъихь, ятопсэлъыхь, цІыхуэр абыхэм драгъэхьхэну. Егупсысыкн хуейщ тхылъ щапІэхэм зэрызебгъэубгъу хъуну щІыкІэхэм. Ди гугъапІэхэр къыдэхъуІэпну къысщохъу, псоми ди кьарур зэдгъэуІуэмэ. Ди гущэн хьунут Налшык кьалэ тхылъ жармыкІэм и щыхьэру хахрэ и кІуэ къэс тхылъыщІэхэм я гъэлъэгъэныгъэ ди щІыналъэм щедгъэкІуэкІыу щІызэтедублэфамэ, - жиІащ Битокъум.

Къэбэрдей-Балъкъэрым апхуэдэ мурад зэрыщаІэр и гуапэ хъуащ икІи а Іуэхур къызэгъэпэща зэрыхъунум зэрегупсысыпхьэр жиІащ Урысейм Тхылъ къыщыдэзыгъэкІхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Чеченев Константин.

- Къэралым щыпсэуи и процент 37-р тхылъ еджэхэркъым. Телевизорым кьрах хьыбарым и процент 80-р мыхъумыщІагъэщ е гур езыудыхщ. Мы бжыгъэхэм уагъэгузавэ икІи, абыхэм ятепщІыхьмэ, ди къэкІуэнур зыхуэдэнур хэпльэгъуэщ. Тхьэмахуэ зыбжанэ и пэ Къэрал Думэм зэІущІэ щекІуэкІащ, Щэнхабзэмкіэ, Печатымкіэ, сатумкіэ, нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэмкІи комитетхэм щылажьэхэр хэту. ИкъуКІэ Іэнатіэкъэ щІыналъэхэм щылажьэ театрхэм, библиотекэхэм, музейхэм, щэнхабзэм и нэгъуэщІ Іуэхущапіэхэм тхылъ щащэ тыкуэнхэр къыщызэІуухыным теухуаУэ жаІар. А Іуэхум унафэ тращІыхьамэ, къызэрыщыгъуэмкІэ, тхылъыр щІыхубэм нэхъ япэгъунэгъу хъужынут, - жиІащ Чеченев Константин.

Апхуэдэуи ар тепсэлъыхьащ зи унафэщІ зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм, абы къарал псом и тхылъ тедзапІэ 250-рэ къызэрызэщІиубыдэр. Чеченев Константин тхылъ тедзапІэхэм я унафэщІэр кьыхуридджащ я лэжьыгъэхэр жьыдэру зэхьэзэхуэхэм кьыщагъэлъэгъуэну.

Печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ щІыналъэ Іуэхущапіэм и кьудамэм и унафэщІ Кузнец Людмилэ тепсэлъыхьащ 2012 - 2018 гъэхэм ятещІыхьа «Урысейм и щэнхабзэ» щІыналъэ программэр зыхуэдам, абы ипкъ иткІэ тхылъ тедзапІэхэм ахъщэ зэрыратынум, нэгъуэщІхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыбгъэдэкІыу и Іуэху еплъыкІэр зэІущІэм къыщигъэлъэгъуащ Котляровэ Марие. ЕтІуанэ маухуэм зэхуэсым хэтахэм зыщапІлъхьащ Налшык кьалэ дзт тхылъ щапІэхэм. Псори кьызэщІакъуэжу, зэІущІэ ирагъэкІуэкІажащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.



Хьэцацэ

Мы тхыгъэр зытеухуар ар зытхари дунейм ехьжахэщ, ахърэт нэхур Тхьэм кьарит.

Алыхьыр арэзы щІыным телажьэу псэуа Хьэмырзэ Атмир-хьэжы игъэхьэзырауэ щыта мы тхыгъэр газетым иритын мурадыр иІами, хунэмысу дунейм ехьжащ. Абы къигъэна тхыгъэр ди газетым къихьащ Зеикъуэ кьуажэм къыщалъхуа Пщыгъуэтыжь Мэхьил.

Пщыгъуэтыжь Хьэцацэ

ЦІЫХУР кьалъху, мэпсэу, и гугъэр имыухыыри мэлІэж. Дунейм тета цІыхур фІами Іеями къызэращІэр илэжьамкІэщ, дунейм кьытринамкІэщ

Мы си тхыгъэ кІэщІым си гугъу щыфхуэсщІыну сызыхуейр илъэс куэдкІэ егъэджакІуэу лэжьа, зигури, зи псэри сабийм щІэныгъэ етыныныр гъэсныныр щІэныгъэуэныр фІыкІэ ягу кьинащ емызэшыжу илъэс плІыщІым щигъуйкІэ лэжьа егъэджакІуэр. ЖыпІэ хьунущ абы лъэужь кьарзынэ кьигъэнауэ, кьигъэщІа и гъащІэр мыпщІэншауэ.

Хьэцацэ и гъащІэ гъуэгуанэр тыншакъым: абы и сабиигъуэр хуэзащІ Хэку зауэшхуэ хьэлъэ екІуэкІам. И адэ Билал ищІэжу щытакъым. Ар зауэм щыкІуам Хьэцацэ и ныбжьыр илъэситі хуэсщІ арат. Адэм къигъэзэжакъым - зауэ губгъуэм и гъащІэр щитащ. И анэ Лейлэ илъэс ныкъуэщІэ цІыкІур быным нэхъ хилъагъуКІыу ипІащ, игъэсащ, кьуажэ школыр кьригъэуХащ. Хьэцацэ нэхъ дэзыхьэхыр адыгэбзэмрэ литературэмрэт. ИкІи абы и хьэуапсапІэ нэхъыщхьэр и щІэныгъэм адэкІи пищынырт, егъэджакІуэ хъунырт. Унагъуэр хуэмыщІауэ псэуми, Лейлэ хуэзфІэкІакъым и пхъум и мурадыр зэпиудын: кьригъэуХащ Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал университетым филологиемкІэ и кьудамэр. Адыгэбзэмрэ урысыбзэмкІэ ирагъэджэну хуитыныгъэ кьезыт дипломыр къихьри, кьуажэм кьигъэзэжащ абы

Хьэцацэ щеджа школым фІыуэ ильагъу ІэщІагъэм ирилажьэу илъэс плІыщІым щигъукІэ щыІащ. Абы ирагъэджахэм фІыуэ яригъэлъэгъуащ бзэр, литературэр. Сытым дежи и дерсхэр купщІафІэт, методикэ лъагэм тету къызэгъэпэщат, сабийм я бзэм зригъэужьырт, адыгэ хабзэ дахэм, нэмысым хуиущІэрт.

Апхуэдэу фІыуэ ильагъу ІэщІагъэм гухэсхуэ хьэриту лэжьащ ар дунейм ехьжьажу. Хьэцацэ и цІыхуфІагъыу щытар нобэми ягу илъщ иригъэджахэм, къыдэлэжьахэм, адэ-анэхэм, зыцІыхуу щыта псоми. Ар цІыху щабэт, Іэдэбт, тэмакъкІыхьт, зыми и жагъуэ ищІыртэкъым. Сабийми балигъми зэрепсалъэр Іэдэбут, хэти хуищІэнут хуэзфІэкІыр, езым и щхьэ Іуэхум япэ иригъэщырт хамэм и Іуэхур.

Диныр щамыдэ зэманым и анэм щхуу иригъэджауэ КъурІэныр ищІэрти, зэхьэзкІныгъэм и лъэхъэнэм иужькІэ сабийхэр езым и жэрдэмкІэ и унэм ишэрэ щригъэджащ Хьэцацэ. Нобэ кьуажэм дэсу Хьэцацэ и «мыдрисэр» кьэзыуха куэд. Мы лэжьыгъэм пщІэ гуэри кьыпэкІуакъым, зыми хигъэзыхьакъым, атІэ езым и псэм псапэу хуищІэжауэ аращи, Тхьэм хуигъэбагъэ.

Ахърэт нэху Тхьэм кьрит цІыхум фІыуэ ялъагъуу, егъэджакІуэ нэсу дунейм тета Пщыгъуэтыж Хьэцацэ.

ХЬЭМЫРЗЭ Атмир-хьэжы.
Зеикъуэ кьуажэ

Хьэж щащІ мазэр

● Уаз

Зуль-хьиджэ мазэр Алыхьым нэхъ лъапІэ дыдэу ибжа мазиплІым (рэджэб, зуль-хьиджэ, зуль-кІэхьдэ, мухьэррэм) ящыщу, Алыхьым игъэхьэрэмащ а мазиплІым зауэ ублэнэм, лъы гъэжэныр, зэныкъуэкъуныр.

ПСОМ хуэмыдэу зуль-хьиджэ мазэм и ялэ махуипщІыр нэхъ лъапІэу игъэуващ. А мазэм жэубдэ мусльымэн псоми ди махуэшхуэ лъапІэр - Къурхьэмныр. Ар а мазэм и епщІанэ махуэм тохуэ, а мазэращ хьэж щащІри (Тхьэм кьытхуигъэув фарзитхум ящыщ зыр). Кьинэмыщ1ауэ, зуль-хьиджэ мазэм хэтщ махуэ лъапІэ дыдэ - Хьэрэфат маухуэр ар а мазэм и ебгъуанэ махуэм тоХуэ). А махуэм хьэж зыщІ мусльымэн псори а щІыпІэм макІуэ икІи а маХуэм «Ихьлас» сурэм минрэ еджэныр псапэшхуэщ, лъэІур кьабыл щІыхьащ.

Алыхьым щыхуэпщІлІ унэу ялэ дыдэу дунейм тращІыхьар Кэхьбэр («Аль-Хьрам» мэжджытыр) араща. Ар Саудэ Хьэрыпым и Мэккэ кьалэм дащІыхьащ. Зыщ1ар Тхьэр арэзы зыхуэхъунхэу Ибрэхьим лІыкІуэмрэ абы и кІуэ Исмэхьилрэщ.

Дуней псом мусльымэну тету хъуам Тхьэм а и унэмкІэ загъаззурэ Алыхьым йолъэІу. Іэщ, джэдхъэ щафІагъэжкІи, абыкІэ игъаз3, дунейм ехьжа мусльымэныр щыщІалъхьэм дежи, Кэхьбэмкіэ игъаз3. Дуней псом мусльымэну тетыр хьэжыщІ здэкІуэр аращ.

Хьэжыщ1 зэрыкІуэ билетым мы гъэм и уасэщ доллар 3490-рэ. Абы хеубыдэ Минводы - Мадинэ - Минводы къхъулъатэ рейсхэм, щыпсэуну хьэщІэщым я уасэкэр.

Зуль-хьиджэ мазэм нэщІ пІыгъыныр псапэшхуэ зыпылъ Іуэхугъуэщ, псом хуэмыдэу а мазэм и ялэ махуийм. Мухьэммэд бегъымбарри а махуийм нэщІ ису щытащ. Хьэдисым кьыщокІуэ: «ЦІыхум илэжь ІуэхугъуэфІу хъуам ящыщу нэхъыфІ дыдэу Тхьэм ильагъур зуль-хьиджэ мазэм и ялэ махуипщІым хиубыдэ лэжьыгъэфІырц».

А махуипщІым щыщу зы жэщым ящІ. ІуэхугъуэфІыр хуегъадэ Къэдэр жэщым и фІыгъэщ.

ЗыхуэзфІэкІым дежкІэ зуль-хьиджэ мазэ псом (Къурмэнымрэ хьид махуищІмрэ къищынэмыщІа) нэщІныр псапэщ. Мазэ псом мынэщІыфми, ялэ махуипщІыр, ари зыхуэзфІэмыкІыу Хьэрэфат махуэ закъуэм нэщІ исым и псапэри гъунапкъэншэщ. Ар зуль-хьиджэ мазэм и ебгъуанэ махуэращ, а махуэм нэщІыр сунэнэщ, зыгъэзащІэм фІыгъуэ кьыхудэкІуэнущ, ауэ зымыгъэзащІэми кьалэн щищІыркъым. Хьэдисым зэрыжкІэмкІэ, Хьэрэфат махуэм нэщІ зыІыгъым и псапэм теухуауэ ЛІыкІуэм щеупщІым, жэуап кьариткІ: «Хьэрэфат махуэм нэщІ исхэм а гъэм ипэ ит илъэсми ижь ит илъэсми и гуэныхыр кьыхуогъу».

Мы гъэм хьэжыщІ кІуэнухэм загъэхьэзырын щІадзащ. Хьэжым кьигъэув мардэхэмрэ ар зыщІыну зытехуэхэмрэ ятеухуа тхыгъэ зэпхърыха тетынущ «Ислъамым и нурым» и къыкІэлъыкІуэ кьыдэкІыгъуэм.

Сымаджэщ щІыщыІэр сымаджэращ

● Пресс-конференцхэр

Боттаев Хьэдис и псалъэ.

Республикэ клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Боттаев Хьэдис иджыблагъэ журналистхэм яІущІащ, я упщІэхэм жэуап иритащ. Псом хуэмыдэу ар кьытеувыІащ сымаджэщым нобэ иІэ щытыкІэхэми, кьэкІуэну зэманым игъуэтыну зыщыгугъ зыуэжьыныгъэхэми.

МЫ ЗЭМАНЫМ Республикэ сымаджэщым стационар кьудамэу 22-рэ иІэщ, псоми зэхэту гъуэлъэпІэ 750-рэ кьызэщІаубыдэу. Сымаджэщым щІыхуэшхуэ кьызэрытехуам щхьэкІэ, а Іуэхум кьыхэкІи мурад иІэу Боттаев Хьэдис абы унафэщІу кьызэрагъакІуэрэ зэхъуэкІыныгъэхэр ирегъэкІуэкІ. Псалъэм папщІэ, сымаджэщым щІэт гъуэлъэпІэхэр 50 хуэдизкІэ ягъэмэщІащ, лэжьакІуэхэм я бжыгъэми фІыуэ хагъэщІащ. Апхуэдэу Іэщ1агъэлІ 1500-м щыщу я Іэнатіэхэм Іуагъэкіащ цІыху 311-рэ. Абыхэм ящыщу: 41-р дохутырщ, 80-р медсестрахэщ, 88-р лэжьыгъэ зэхуэмыдэ зыщІахэрщ. Бухгалтеррэ экономисту цІыху 29-рэ сымаджэщым щылажьэрти, иджы 10 щыІэу аращ.

Кьыхэгъэщыпхъэщ Іуагъэкіа медицинэ лэжьакІуэхэм псоми узынщагъэр хъумэныкІэ республикэм и нэгъуэщІ Іуэхущапіэхэм лэжьыгъэ кьызэрыщцыхуагъэпльэгъуар. Боттаевым жиІащ лэжьакІуэхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ зэрращІар зыкІи лъэпощхьэпо зэрымыхъур. «Зы дохутырым сымаджэу 10-15 кьыпльос», - жиІащ Хьэдис.

ЩІыхуэр щызыгтрагъэкІыжьыфыну ягъэбелджылы пІалъэм хиубыдэу, дохутырхэм я улахуэм хагъэщІащ, икІи иту сом мин 28-рэ кьахьу щытамэ, иджыпсту ар зэрыхьур икІи иту сом мин 26-рэщ. Медсестрахэмрэ санитаркэхэмрэ кьахь ахъшэм зэрызихъэжа щІыпкъым. «Сымаджэщхэр щІыщыІэр псом япэу цІыху дызэІэзэхэщ, армыхъумэ медицинэ лэжьакІуэу хъуам Іэнатіэ еттын хуейуэ аракъым. Іуэхущапіэм и экономикэр зэрызэтедгъэувэжьнум иужь дитын хуейщ. Араща, сыт хуэдэу тКІийуэ щымытми, зэхъуэкІныгъэ гуэрхэм дыхуэмыкІуэу щІэмыхьуар», - кьыхиГъащащ Боттаевым.

Абы жиІащ иужьрей илъэсхэм Республикэ клиникэ сымаджэщым и лэжьыгъэр ирагъэфІэкІуэн мурадкІэ, щІыналъэ унафэщІхэм абы ильытыжу хъарзынэ зэрыхуохъар, арщхьэкІэ щІыхуэхэм зрагъэужьыртэкъым: Іуэхущапіэм кьилэжь ахъшэм и процент 85-р дохутырхэм я улахуэм ихьырт, сымаджэхэр зыхуеину хущхъуэм, шхыным, псэупІэ-коммуналнэ хуэІухуэщІэм ираты-ну къэнэжьыр процент 15 кьудейт. Иджы, унафэщІыщІэ къызэрыкІуэрэ, хущхъуэхэр сымаджэхэм зэрырат щІыкІэм кІэльэоплъ, щІыІэмрэ къагъэсэбэпамрэ зэпагъэкІуэжурэ ябж. Апхуэдэуи я нэІэ трагъэтщ сымаджэхэм я шхынми абыхэм щхьэкІэ кьащхъу ерыскьыпхъэхэми. Боттаевым зэхъуэкІыныгъэ кьыхихьахэм ящыщщ сымаджэм дежи щхьэт бжыгъэ зэхэкІэ фІэкІа щІэупщІакІуэ кІуэну благъэ-Іыхьлыхэр зэрымыпыщ (сыхьэт 16-м кьыщыщІдзауэ 19 пщІондэ). «Дызэ1эзэ цІыхум и благъэ-Іыхьлыхэр сымаджэщым махуи-жэщи щыІэну кьеэзэгъыркъым. Абы Іуэхур зэкІэлъымыкІуэ щІэныгъэхэр ирегъэкІуэкІ. Боттаевым зэхъуэкІыныгъэ кьыхихьахэм ящыщщ сымаджэм дежи сыхьэт бжыгъэ зэхэкІэ фІэкІа щІэупщІакІуэ кІуэну благъэ-Іыхьлыхэр зэрымыпыщ (сыхьэт 16-м кьыщыщІдзауэ 19 пщІондэ). «Дызэ1эзэ цІыхум и благъэ-Іыхьлыхэр сымаджэщым махуи-жэщи щыІэну кьеэзэгъыркъым. Абы Іуэхур зэкІэлъымыкІуэ щІэныгъэхэр ирегъэкІуэкІ. Боттаевым зэхъуэкІыныгъэ кьыхихьахэм ящыщщ сымаджэм дежи, Іуэхущапіэм и дэІэпыкъуныгъэ зэрыратыр ирагъэфІэкІуэну, нэгъуэщІ мурадыфІхэри яІэщ.

Сымаджэщыр кьызэрызэгъэпэщам щытепсэлъыхьым, Боттаевым кьыхигъащащ медицинэм и иджырей Іэмэпсымэхэр зэраІар, абыхэм я фІыгъэкІэ цІыхум кьеузыр пІалъэ кІэщІым кьапщытэу, хуей хъумэ, операцэ гугъуэхэри зэрырагъэкІуэкІыфыр. Дохутырым жеІэ Іэщ1агъэлІхэр я щІэныгъэрэ зэфІэкІкІэ зэгугъужу щымытмэ, сыт хуэдэ Іэмэпсымэми мыхьэнэ зэрамыІэнур.

Республикэ клиникэ сымаджэщыр мы зэманым долажьэ кьэралым и медицинэ Іуэхущапіэ нэхъ инхэм я Іэщ1агъэлІ пажэхэм. Апхуэдэ зэгурыІуэныгъэр кьащтат иджыблагъэ Налшык щекІуэкІа «ПІалъэ кьызыхэкІ мыхъуну нейрохирургие» зэхьихьэм. А Іуэхум и фІагъри кьыхихьащащ Боттаевым. «Апхуэдэуи ди деж кьыдогъблагъэ лъынтхуэм еІэзэ хирург цІэрыІуэ, профессор Ахметов Владимир. Абы операцэ 20-м щІигъу ди сымаджэщым щригъэкІуэкІащ, инсулт нэужьым щхьэ кІуцІым игъуэта узыфэхэр гъэкІуэдыжьным ехьэлІауэ. Ахметовым хуэдэ дохутырхэм уадэлэжьэныр сэбэпышхуэщ, ар ди Іэщ1агъэлІхэм, шэч хэмылъу, щапхъэ яхуохъу. АрщхьэкІэ дэри дгъэхьэзырыжьын хуейщ, и зэманыр кьэсмэ, дохутыр нэхъыжьхэм я пІэ иувану Іэщ1агъэлІхэр», - дыщІигъуащ и псалъэм Боттаев Хьэдис.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтыр
Мамий Руслан *трихащ.*

Гынымрэ щхьэмрэ

Хъыбар

Унагъуэ зэзыгъэпэща щІалэм и щхьэгъусэм быдэу унафэ хуищІащ и анэм пщІэ, нэмыс хуищІыну, и псалъэр тІу имыщІыну, езыми и жьІэм щІэтыну.

НЫСАЩІЭМ жьІэщІэу щытыну псалъэ итами, абы кьитьытэрт гуащэм и мыІуэху куэдыІуэ зэрихуэу икІи абы кьыхуищІ дагъуэхэр и гум темыхуэж хъуащ. Апхуэдэу щыхъум, щІыхуэм мурадкІэ ар кІуащ и гуащэм ящІыну. И гугъапІэр зригъэхъулІэн мурадкІэ ар кІуащ и адэм и ныбжьэгъу, удз зыщэ лІыжьым и дежи. Іуэхур зытетым щІыгъуазэ хъуа лІыжьым щІыхубзым кьыжриІащ:

- Хьунщ, уи гуащэр бгъэлІэну ухуейкъэ, сэ сыбдэІэпыкъунщ, жысІэ псори тэмэму бгъэзэщІэнумэ.

Псом япэрауэ, махуэ къэс уи гуащэм хуэпщафІэ, уэстыну удзым щыщ тІэкІу шхыным хэбгъэзэрыхьурэ егъэшх. Уэ зэрыбгъэлІэмкІэ цІыхум шэч кьыпхуимыщІын щхьэкІэ, уи бзэр Іэфіу бгъэдэт, жиІэр щІэ.

Бзылъхугъэр гуфІэжу унэм кьэкІуэжащ, имыхабзэу пщафІэри, гуащэри игъэшхащ. Гурыщхьэ лъэпкъ кьыхуамыщІын хуэдэу, нысэм и нэгур зэІухащ, гуащэм гуапэу йопсалъэ, пщІэ, нэмыс хуещІ, жиІэр егъэзащІэ. Апхуэдэурэ зэман гуэри дэкІащ, нысэм и щытыкІэм фІы и лъэныкъуэкІэ зэрызмхъэжам щыгуфІыкІ гуащэм ар пхъум хуэдэу ильагъу хъуащ. Зэныссэзэгуащэр зэаннэзэпхъум хуэдэу зэхущыт хъуащ.

НысащІэм и псэм гуэвэгъуэ тельу гын кьезыща лІыжьым и деж кІуащ.

- Си гуащэр анэм хуэдэу кьыхсущытщ, гын езгъэшхахэм щхьэкІэ согузавэ, ар сымыгъэлІэн папщІэ сытри сщІэнщ, - щыжиІэм, лІыжьым жэуап кьриткІ:

- АтІэ умыгузавэ, уи гуащэм ебгъэшхыну уэстар гынкъым, атІэ хущхъуэ кьудейщ. Гын зэрылъар уи щхьэр арати, бгъэжьэбзащ.

● Мэжджыт цІэрыІуэхэр

Индонезием и кьалащхьэ Джакартэ дэт мэжджытыр тепльэкІэ адрейхэм ещхькъым, и инагри тельыджэщ. Абы цІыху 120.000-м зэуэ нэмэз щащІ. Ар мэжджыт нэхъ ин дыдэу дуней псом тетхэм ящыщщ. 1978 гъэм яухуащ.

Шыщхьэуіум и нэмэз щІыгъуэхэр

● Фи лъэІукІэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр кьыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, щэбэт	03.24	04.54	12.22	16.22	19.28	21.08
2, тхьэмахуэ	03.25	04.55	12.22	16.21	19.27	21.07
3, блыщхьэ	03.26	04.56	12.22	16.21	19.26	21.06
4, гъубж	03.28	04.58	12.22	16.20	19.25	21.05
5, бэрэжьей	03.29	04.59	12.22	16.20	19.24	21.04
6, махуэку	03.30	05.00	12.22	16.19	19.22	21.02
7, мэрем	03.31	05.01	12.22	16.19	19.21	21.01
8, щэбэт	03.32	05.02	12.22	16.18	19.20	20.00
9, тхьэмахуэ	03.33	05.03	12.21	16.18	19.18	20.58
10, блыщхьэ	03.34	05.04	12.21	16.17	19.17	20.57
11, гъубж	03.35	05.05	12.21	16.16	19.15	20.55
12, бэрэжьей	03.36	05.06	12.21	16.16	19.14	20.54
13, махуэку	03.37	05.07	12.21	16.15	19.12	20.52
14, мэрем	03.38	05.08	12.21	16.14	19.11	20.51
15, щэбэт	03.40	05.10	12.21	16.14	19.10	20.50
16, тхьэмахуэ	03.41	05.11	12.20	16.13	19.08	20.48
17, блыщхьэ	03.42	05.12	12.20	16.12	19.06	20.46
18, гъубж	03.43	05.13	12.20	16.11	19.05	20.45
19, бэрэжьей	03.44	05.14	12.20	16.11	19.03	20.43
20, махуэку	03.45	05.15	12.19	16.10	19.02	20.42
21, мэрем	03.46	05.16	12.19	16.09	19.00	20.40
22, щэбэт	03.47	05.17	12.19	16.08	18.59	20.39
23, тхьэмахуэ	03.49	05.19	12.19	16.07	18.57	20.37
24, блыщхьэ	03.50	05.20	12.18	16.06	18.55	20.35
25, гъубж	03.51	05.21	12.18	16.06	18.54	20.34
26, бэрэжьей	03.52	05.22	12.18	16.05	18.52	20.32
27, махуэку	03.53	05.23	12.18	16.04	18.50	20.30
28, мэрем	03.54	05.24	12.17	16.03	18.49	20.29
29, щэбэт	03.55	05.25	12.17	16.02	18.47	20.27
30, тхьэмахуэ	03.56	05.26	12.17	16.01	18.45	20.25
31, блыщхьэ	03.57	05.27	12.16	16.00	18.43	20.23

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусльымэнхэм я Іуэхущапіэм къыдитащ.

Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛОКЪУЭ Лусанэщ.

● Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым къет:

КЪБР-м щІэпхъаджащІэ гуп щаукІащ

Щэхурылажьэ бандэхэм хэтхэр къэпльыхуэным икІи абыхэм я лэжьыгъэр къызэпыудыным хуэгъэзауэ зыхуэфащІ Іуэхуэр щрагъэкІуэкІым хабзэхъумэ Іэнатіэхэм хьыбар къыІэрыхьащ дунейпсо террорист зэгуфхэныгъэхэм япыщІауэ щэн зыхуащІ, Іэщхьэ зэщІэуэзда гупым Налшык кьалэ дзт псэупІэ уэн инхэм ящыщ зым хиубыдэ фэтэрым зэрызыщагъэпщкІым теухуауэ.

Терроризмэм и Іэужьхэр къэпльыхуэным, цІыхуэхэм шынагъэуэн шагъэ кьахуэзгъэпэщын, щІэпхъаджащІэ гупым хэтхэр кьаубыдын мурадкІэ Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым и Оперативнэ штабу республикэм щыІэм и унафэкІэ бльыхьэ жащым кьалэм и хьэблэхэм ящыщ зым щагъэуващ террорым пэщІэтынымкІэ лъэныгъэхэр щрагъэкІуэкІ щІыналъэм и хабзэр. А щІыпІэм кьедзауэ щыпсэу щІыхуэхэм ящыщу 300-м нэблагъэ пІалъэкІэ ягъэІэпхъуащ.

Іэщхьэ зэщІэуэзда гупым зыкъатын папщІэ сыхьэт зыбжанэкІэ епсэльащ. Ауэ щІэпхъаджащІэхэм Іэщэр ягъэтІылъу унэм кьыщІэкІын ядакъым икІи хабзэм и къумакъэхэм кьаухуэу щІадзащ. Абдеж щрагъэжьа зэзауэм щІэпхъаджащІэу хы щаукІащ.

ШынагъуэнщагъэмкІэ органхэм икІэщІыпІэкІэ зэхуахьэса хъыбарым тепщІыхьмэ, яукІахэм дызэрыт илъэсым и пэщІдзэм загъэпщкІури, КЪБР-м и щІыналъэм щыІэ щэхурылажьэ бандэхэм я сатырхэм хьыкащ икІи терроризмэм и щІэпхъаджагъэ зыбжанэ зэхащІыхьащ, абыхэм хиубыдэу бадзэуэгъуэм и 31-м полицэм и полковникыр яукІащ.

Зэхэуэр щекІуэкІа щІыпІэр кьыщапльыхьым автоматхэр, шэ куэд кьаГъэтащ. ЯукІахэр хэтми зэхагъэкІ.

КъызэрыгуэкІ цІыхухэм, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм ящыщу уІэгъэ хьуа е лэжьакІуэхэм щыІэкъым.

(КІэлъыкІуэр.
ПэщІэдзэр №№123 - 124, 128 - 129, 133, 138 - 139, 144 - 145, 146-хэм итщ).

Давар и гум зыщигъэнщІым, кьриджащ пщылІитІ фІыцІабзэу.
Кьихутащ а тІур и пащхьэм алмэстыфэу, зэщхьырыкъабзэу.
Япхъуэтащ арыххэу пщащэр, ІэкІуэлъакІуэуи загъаззэу,
Кадж Давар кьхуищІ унафэр ялэжьыну къамыгъазэу.

ЕщІ унафэ: «Фхьыи хэвдзэ хьышхуэ зеуэу къэукъубийм,
Е къыщывнэ псы ткІуэпс щхьэкІэ щылІэжьыну щІыпІэ Іейм.
«Ип, ип!», - жаІэу ятІ дзэлыфэр гущыкІыгъуэу лъагъугъуеим.
Абдеж сэри сожьхь си пІэм, сищІыу гухэ ялэжь лейм.

АлмэститІым напІэзыпІэм ягъэбзэх гуІэжу пщащэр,
Давар жеІэ щхьэхуэпсалъэу: «Иджы сэрщ ажалыр зэщэр!
СаукІ нэхърэ нэхъыфІщ куэдкІэ, зызукІыжмэ! Арщ схуэфащэр!»
Зыхесэжри сэр, кьоджалэ, лъым ириІэу щыгъ и фащэр.

ГъэщІэгъуэнкъэ, сыкъелащи, гуауэ щІыІэм сызДимыхьу!
Кьыпхуэсхьащи хъыбар гуауэр, ари стелъщ сэ уи гуэныхьу.
СынольэІур, схухэх си псэр, кьыумыгъанэу укъысщысхьу!»
Магъ Асмат кърегъажьэжри, нэщхьеягъуэ Іейр хуэмыхьу.

«Уэ пхулъэкІыр пщІащ, - жызоІэ, - зы къуаншагъи убгъэдэлъкъым.
Ауэ сэ Нестан и щІыхуэу стелъыр зэи схуэпшынынкъым...
Сежьэнщ дыгъэм и лъыхъуакІуэ, кІуапІэ щыІэу къэзгъэнэнкъым».
Абдеж си гур къыззІохьэ, си Іэпкълъэпкъми псэ хэтыжкъым.

СищІу делэ гуэзвагъуэм, сокІэзызэ сымыщІэу сщІэнур.
Си гум къокІыр: «Уэху-уэхь» жыпІэу ущыс щхьэкІэ, сыт кьикІынур?
НэхъыфІщ, ежьи и лъыхъуакІуэ - аращ бампІэр щыптеунур.
А гъуэгуанэм кьищІынщ наІуэ ныбжьэгъу пэжым хулъэкІынур».

Зызузэдри ІэкІуэлъакІуэу, шым сышэсри сежьащ занщІэу.
Сэ си ныбжьхъэу щэрэ хыщІрэ ныздошэсыр лІыхъужь защІэу.
ДыкъыдокІри ди хэщІапІэм, гъэзгу дытохьэ хым хуэзанщІэу.
Куэд дэмыкІыу хым дыІуохьэ, тщІэлъ гъуэгуанэм дигъэпІащІэу.

Хьэзырыххэу Іуттт псы Іуфэм кхъухьхэр - докІуэри дотІысхьэ.
Тенджызышхуэм кІуапІэу иІэр щІэтщыкІыну псым дытохьэ.
Кьэдгъэнакъым дыздэмыкІуэ, ауэ пщІэншэщ си гугъуехьыр.
Алыхьталэм, гу къысльитэу, сщхьэщихакъым тІэкІу бэлыхьыр.

КІыхь сщыхъуами кІуэ зэманыр, илъэс закъуэ фІэкІ блэкІакъым.
Ауэ хым щызекІуэм щыщу Нестан пщІыхьу илъэгъуакъым.
Си гъусахэри лъэщами, гугъуехь хьэлъэм пэлъэщакъым.
Зыми хуэсщІыркъым гукъанэ! Тхьэм жиІам фІэкІынуІакъым.

КъэхъеихукІэ си губампІэр, тенджыз Іуфэм си щхьэр сохьыр.
Си къулыкъури сфІэІафІыжкъым, дыгъужьыру сыхъуауэ сохьыр.
Си гъусахэри сиІэжкъым, - си щхьэзакъуэу стелъщ бэлыхьыр.
Ауэ, гъащІэр щищІми хьэлъэ, кьигъэщІам дэщІынщ Алыхьыр.

ПщылІу тІу, Асмат етІуанэу - къысхуэнари араш гъусэу.
А щым сщащІыр тІэкІу нэхъ псынщІэ сшэчыр бампІэрэ гупсысэу.
Зы мэскъал хуэдиз хъыбару Нестан щхьэкІэ сщІэркъым. Нэпсу
ХущІэзгъэкІым щІихми си гур, ар къысщохьур сэ фоупсу.

XXVI
Тариэл Нурадин-Придон зэрыІущІар

ДрохьэлІэ дэ нэхущым тенджыз фІыщІэм Іут жыг хадэ.
Нэхъ декІуалІэм, долъагъу кьалэ хэщІыхьауэ бгыщхьэм адэ.
ЦІыку слъагъуну, сыІущІэну си губампІэм къысхуимыдэ.
Зыщыбгъэпсэхуну щІыпІэ щыІэ хъункъым абдеж хуэдэ.

ПщылІхэр шхэну щетІысэхым, сешат сэри - зызогъэщІ.
Ауэ тыншу сыщигъэлъкъым бампІэм, нэхъри пІейтей сещІ.
ПщІыу е пэжу хъыбар кІапэ сытемыхьэу гъащІэм хощІ.
Си напитІми кьежэх нэпсым хэхъуэ фІэкІ, зы тхІуэпс хэмыщІ.

КІий макъ къоІу: солъагъур, сыплъэм, лІыхъужь гуэр
губжьарэ хъущІэу.
Жэуэ Іутту тенджыз Іуфэм гуэвэгъуэ гуэркІэ пІащІэу.
ІэщІэлъщ джатэм и къутахуэр икІи тельщ уІэгъэ хъапщІэу.
ЗэрылъэкІкІи бийм хуошхыдэ, Іей хужиІэхэр фІэмащІэу.

Тест лІыхъужьыр шы къарапщІэм, иджы си шу сызытесым.
Зблэжащ ар сэ вагъуэижу, зэщІигъапльэу мафІэ зысым.
СщІыхумэ сфІэфГти, пхъэр хуэощІыр, слъытэу къекІуу си нэмысым.
ЯжызоІэ: «КъафщІэт хэтми, хэвыдзар лІыхъужьыр нэпсым!»

Ауэ мажэ къэмыувыІэу, зэхимыхьыу лІыкІуэм жиІэр...
Ар къыщицІым жэуапынщэ, шым зыздэри щІызогъэІэр.
СыкІэлъоджэ: «Зэ къуэвыІэт, сыхуейщ сщІэну уи псэм къеІэр!»
КъызоплъэкІ ар, игу срохьыр, нэхъ хуэм зещІри къуовыІэ.

«Лъэщщ Алыхьыр, уэ пхуэдэлІыр къыщигъаблэкІэ уэздыгъэу, -
БжесІэнщ,- жеІэр,- пфІэфІмэ пщІэну, нобэ сэ щІызихьэдагъэр:
ЩыІэщ щІыху, къыщищгуфІыкІрэ, пщІыр, хьылагъэр и ІэщІагъэу!
Къаруушэщ щІыху Іэщэншэр хэзыгъащІэр, ар фІэлІыгъэу!»

Сэ жызоІэ: «Мамырыжьыт, уешыІуауэ гу лъызотэ,
Удын щхьэкІэ лІы кьикІуэтрэ? Щегъэш зауэм абы батэр!»
Дыкъопсыхри, зэдэ-зэкъуэу гу хьэлэлкІэ дызщокІуатэ.
ЛІым и нэгум къыщІих гуапэм и гум илъыр къыпхуеІуатэ.

Хъуар уІэгъэ, ІэкІуэлъакІуэу, си пщылІ гуэрым игъэхъужьырт.
И уІэгъэм хэлъ гъущІыпэр щабэу хехри хуэпхэжьр.
СоупщІ лІыхъум: «Хэт ущыщ уэ, хэт уи гуауэр зи гупыжыр?»
Абдеж, зыри сшимыбзыщІу, къыщыщІахэр къеІуэтэжыр:

(КІэлъыкІуэр.
ПэщІэдзэр №№123 - 124, 128 - 129, 133, 138 - 139, 144 - 145, 146-хэм итщ).

«СщІэркъым, - жеІэ, - уэ ухэтми, узыщыщ, укъъздикІар!
Ауэ уэри сыт уи лажьэр, апхуэдизу ущІэткІуар?
Розэ гуакІуэм жэп къытехэу, сыт и къуэпсыр щІихузар?
Сыт-тІэ Тхьэм щІигъэункІыфІыжьыр езым фІэфІу пигъэнар?

Сыщопсэу Мулгазанзар сэ, мы щІыналъэр си Іуэмэтщ.
Нурадин-Придонщ сэ си цІэр, хэку нэхъыжьуи сащхьэщытщ.
Уэ хэщІапІэ зыдэпщІари си къэралым и щІым хэтщ.
ЦІыкІуу щытми, зыхуейр иІэщ, насыпыфІэр пэрыхьэтщ.

Си адэшхуэм къуитІт иІари, щІыр зэхуэдэу хуигуэшащ.
ХытІыгу диІэт хыкум иту - ар сэ тыгъэ къысхуиущІащ.
А щІыналъэм сядэ къуэшыр щІэнэцІэти стрихащ.
Абы щхьэкІэ зэбий дыхъури, куэдрэ дэ дызззэуащ.

Сытехьат сэ гупыж сщІыри нобэ хым тІэкІу сыщэкІуэну.
СщІыгъуа гупыр хым и Іуфэм къыІуэнат къыщыспэплъэну.
Тху къудейщ абыхэм щыщу къыхэсшар сэ здэщІыгъуну.
Къаргъеі ещэм, хэти ещІэр, хуейкъым гъусэ куэд иІэну.

СыдосыкІыр кхъуафэжьейкІэ бгитІ зэхуакум дэт хы кІапэм.
Е кьикІыну Іуэхум сщІакъым: дзыхь яхуэсщІырт си Іыхьлыхэм.
Нэхъри, хъуми куэд я бжыгъэр, сахэплъакъым къысфІэІуэхухэу.
Сэ сощакІуэ, кІий гуо макъыр къыхэІукІыу хы толъкъунхэм.

Я кІий макъымкІэ къызощІэ мурадыфІ ягу зэримылъыр.
Загуэшахэщи гуп-гупу, щэхуу, сыкъаувыхь, кьыскхэплъу я лъыр.
Сядэ къуэпшыр къуитІыр щІыгъуу зауэныгухэу къызэдолъыр.
Тегушхуауэ сщІыгъу гуп тІэкІум, джатэ щІагъым щагъэгъуэлъыр.

Зэхызох икІи солъагъур зауэ гуащІэр яублау.
Къуафэжьейм зиздзауэ сожьэ, сахэкІиеу: «Фыбэяу!»
Ауэ сэри къыстогуплІэ зауэлІ хъушэр, къыскхуилъау.
КъайхъулІакъым, сыт ямыщІэм, саубыдыну, гъэр сащІау!

Къыспоув дзэ хъушэр уэру, кІуапІи жапІи къызамыту,
ЛъэныкъуитІымкІи сакъузыр, лъэ дэупІэ сымыгъуэту.
ЗымкІэ згъазэм, зыр къыстоуэ, Іэщэр хахуэу зэдаІэту,
Джатэм сепхъуэм - ар къутахуэщ, соІэлъащэр и кум ситу.

Іуэху зэІыхьэм гу щылъыстэм, шым сошэсри, псым сыхолъэ,
Сос тенджызым ІэкІуэлъакІэу, - игъэщІагъуэу къыскІэлъоплъыр.
Си гъусахэр гущІэгъуншэу тенджыз щыгум щагъэгъуэлъыр.
Къэплъащ си гур сэри мафІэу, сфІаукІахэм сощІэж я лъыр.

Тхьэ Іэмырщ ар, дауэ хъуами, блэкІа Іуэхум къигъэзэнкъым.
Ауэ, Уащхьэ, псэ спытыхукІэ, згъэжэнщ я лъыр - сащысхьынкъым.
ХьэкІэкхъуэкІэ ныбэ нэщІу губгъуэм итхэр мэжэлІэнкъым.
Илъэс минкІэ псэуми ахэр, я хьэдагъэр зэпыункъым!»

Си гур ІэфІу кІэрыпщІауэ, Придон хахуэм сыдехьэхыр,
Сэ жызоІэ: «ТІэкІу зышыІэ, пщІэншэу уи гур уогъэмэхыр.
Датеуэнщ дэ тІур зэгъусэу, кьахуэдгъакІуэу лъапсэрыхыр,
Хьэдэкъуаншэу гъуэлъынщ щІылъэм, дэ тІум джатэ къытхуизыхыр.

Си хъыбар сэ иджыпстукІэ схулъэкІынкъым пхуэсІуэтэну.
БжесІэнщ ари сымыпІащІэу, зэман дихуэм езэгъыну.
Абы жеІэ: «СыщІохъуэпсыр абы сфІэфІу седэІуэну
Узот псалъэ, сыпсэухукІэ пщылІ пэлъытэу суриІэну».

Дынос аурэ и хэщІапІэм, - цІыкІуми, къалэр дахэу щІащ.
Къепхъыхауэ сахуэр я щхьэм, цІыхуу дэсыр къытпежьащ.
Мэгъуэг ахэр зафыщІыжу, я нэкІущхьэр нэпскІэ лащ.
Ягу къыщІэгъуу, я пащтыхьым ІэпІэ хуащІу къыІущІащ.

Сэри я гум сирихьауэ, пщІэ къысхуащІ, къысхуогумащІэ.
«Дыгъэ!» - жаІэ, - тхущхьэщыхыт гуауэу дэ дыхэзыгъащІэр!»
Дыдыхьащ, арати, кьалэм. Зэрыхуэкъулейри къощІэ.
Кьалэдэсхэми я фащэр дыщэ-данэу зэщІопщІыпщІэ».

XXVII
Тариэл Придон зэрыдэІэпыкъуар

Хъужьпащ Придон, и Іэщэр кьищтэу зауэм Іухьэфыну.
И дзэр, кхъухьхэр хьэзыр хъуащи, йопІэщІэкІхэр гъуэгу техьэну.
Езым уеплъмэ удехьэхыр, уІуплъэхукІэ пфІэфІщ плъагъуну.
Иджы сэ бжесІэнщ лІыхъужьым и хъыбар, ухуеймэ пщІэну.

Хьэзырыххэу щытт къыдэжьэу бийр, зэуэным зыхуищІауэ.
Дзэм си дежкІэ кьаунэтІащи, кхъуафэжьейхэм из защІауэ.
КъызосылІэхэр захъунщІэу, кьаруушэм сыпащІауэ,
Ауэ кхъухьхэр щІызоІубэр, бийм хы щІагъыр кхъэ хуэсщІауэ.

Кхъуафэжьейхэр зырызыххэу тенджыз щІагъым щІотІысыкІ,
Бий зауэлІхэм, тесу псыщхьэм, псы шыугъэр жьэдакІыкІ.
Къызэлахэм, гужьеяуэ, гъыбзэр жаІэу, Іуагъэзыкі,
Си хахуагъэр яфІэмыфІми, ягъэщІагъуэу зраІуэкІ.

Хым дытекІрэ щІым дытехьэм, нэхъри гуащІэу бийхэр къолъ.
ДобгъэрыкІуэ абы дэри, - кьытхуилъахэр догъэгъуэлъ.
Придон хахуэри лІыхъужьу мэІэпщакІуэ, хъуауэ тхуэпплъ,
И зэуэкІэм и дахагъым сыдихьэхыу абы соплъ.

Адэ къуэшым и къуэр дэкІуэу, шыбг зэрысым кьрехьэх,
АркъудеймкІэ игу мызагъэу, я ІэблитІыр къахупех.
Гъэр ищІащи зэдзэзкъуэр, тІури фызу къопыгъэх.
Я хьэдагъэу а тІур гъыми, и гум нэсу зэхимых.

Къаруушэщ щІопхъуэ бийхэр, допхъэр дэри я ужь диту,
Я къалащхьэри къыдощтэ, бэлыхьышхуи дыхэмыту.
ЩІыдоуд гъэр хъуахэм я лъэр, кІуапІи жапІи ямыгъуэту.
МылъкуфІ Іэджи къатыдохыр, и куэдагъым щІэ щІэмыту.

ХъугъуэфІыгъуэр зыщІэлъ гуэнхэм Іуеуд я бжэр Придон - гуащІэщ.
Гъэр ищІащи зэдзэзкъуэр, щысхь имыІэу зыхуейр ещІэ.
ИщІэжащ илъ абы хахуэу, иукІахэри мымащІэ.
ЖеІэ: «УлІщ уэ, щытхъу пхуэфащэщ! УкъэзыгъэщІами - фІыщІэ!»

Дыносыжьир ди деж. ЦІыхухэр зэхэтщ, дунейр я гуфІэгъуэу.
Кьытпежьащ цІыхубэр гуапэу, зетхьа лІыгъэр ягъэщІагъуэу.
ДагъэлъапІэ Придон сэрэ, щытхъуу щыІэр тхуагъэбгъуэу:
«Бийм тевдза уІэгъэм лъыпсыр къож иджыри псыхьэлыгъуэу»

Дзэм яІэтыр Придон пщышхуэр. Сэри сабжыр пщым я пщыжу.
«ДыщІэтынщ дэ уи унафэм!» - жаІэр зыжьэу, тхьэ щаІуэжу.
Ауэ ящІэркъым мы си гум телъ уІэгъэр, зи мыхъужу.
Хэт лъитэнт гу си гум щыщІэм, и гуфІэгъуэм нэщхьеижу.

XXVIII
Придон Нестан-Дареджан теухуауэ жиІэжа хъыбар

Зэгуэр сешэ Придон щакІуэ, зэштеупІэ ар схуищІауэ.
ДыкІуэрт хуэму, тенджыз джафэм щхьэщыт бгыпэм дытехьауэ.
«БжесІэнщ, - жеІэ, - уедэІуэнум, хъыбар гуэр, си нэгу щІэкІауэ,
КьысхуэмыщІэу, сыт сымыщІэм, сфІэтелъыджэу сигу кьинауэ».

ЖиІэм сфІэфІу сыщелъэІум, кърегъажьэ и хъыбарым:
«Зэгуэр, - жеІэ, - ситт сыщакІуэу щхьэпэлъагъ бгыщхьэ къырым.
Си шыр хуэдэщ лъэта пщІащхъуэм, йосыф къазу хышхуэ уэрым...
Гу лъызотэ, зы къашыргъэ щхьэщыхуарзэу хым тес гуэрым.

СыкІэлъыплъу а къашыргъэм сыщеплъыхьым, шыбгым сису,
Кьызолъагъур аддэ жыжьэу тенджыз щхьэгъуэм зыгуэр хэсу.
Тесщ псы щыгум ар хуэІэзэу, и есыкІэм гур щІэхъуэпсу.
Хьэлэмэт ар къысщыхъуауэ, абы соплъыр сегупсысу.

Сызэгуопыр къысхуэмыщІэу: «Бзу ар хьэмэ хьэкІэхъуэкІэ?»
Кхъухьщ ар, дауи, шэч хэмылъу, и бжэ Іупхъуэр жьым щІеупскІэ.
Нэхъ сеплъыІуэм, солъагъу ІупщІу цІыхухъуипщІ фІыцІабзэу. АдкІэ
Кьыкъуощ пщащэ гуэр, щымыІэу къытекІуэн абы дахагъкІэ.

КърахуалІэр лІитІым кхъухьыр хым и Іуфэм, хуэмыпІащІэу.
Кърах пщащэр, щхьэц данагъуэр хы толъкъуным тришащІэу.
Кьыщхьэщехьр абы нурыр, и дахагъыр къыпхуэмыщІэу.
Нэхуу идым и куэдагъым дыгъэр фагъуэ ищІырт, къапщІэу.

ГурыфІыгъуэм кьыщІиІэтэу, сфІолъыр си лъэр, жан къэхъуауэ.
Темысами уэсыр розэм, сехуз щэхум гъэр сищІауэ.
«НакІуэ!» - жеІэ си гум, пІащІэу, зауэ-банэм хуэзэшауэ.
Къэна щыІэ псэууэ, си шым и щыщ макъыр зэхихауэ.

Си шым шхуэІур хуит хуэсщІауэ, къуакІи бгыкІи зызонэкІ,
Сынэсат сэ псынщІэу, ауэ, гу къысльатэри, сІэщІокІ.
Техьэжахэу хы уфафэм, толькун ябгэхэм пхосыкІ.
Си мурадри пщІэншэ хъуауэ, си гур мафІэм хъресыкІ.

Придон жиІэр щызэхэсхым, си Іэпкълъэпкъыр сыну мэж.
Шым сопсыхри - зызмыщІэжу, удын бзаджэр зызодзыж.
Лъыпсыр пыжу мы си ІитІым си нэкІуитІыр сочэтхъэж.
«Сихь ажалым! Эх, сэракъым Іуплъар пщащэм!- яІуэтэж!»

Придон хахуэм егъэщІагъуэ си щытыкІэр - къыспежьхь.
Нэпсыр ІитІкІэ ирекъуэкІыр, сыхьупауэ фІэгуэныхь.
Тхьэ къыстуеІуэ, ар псэухукІэ си къуэпшыну! Гугъу къыздохь.
Си гум щыщІэр и зэранкІэ къэхъуа фІэщІу, и щхьэм хуехь.

«Сыт мы сщІар сэ насыпыншэм?» - жиІэу лІыхъум и гур хощІыр.
Сэ жызоІэ: «Умыдзыхэт! Дзыхэныгъэм лІыр хегъащІэ.
Плъэгъуа мазэрщ си нэхулъэр. Ар сигу кьихьэм, хьэдэ сещІыр.
БжесІэнщ псори, къуэш сыпщІащи, пщызмыбзыщІу си гум щыщІэр».

ЩыхуэсІуатэм Придон псори - бэлыхь стелъым и къежьапІэр,
Абы жеІэ: «Си пщІыхьэпІэм кьыхэхуэнтэкъым а жьпІэр:
Пщым я пщыжьм, и гур хэщІу, и гурыгъур кьыскхуеІуатэ...
Уэ пхуэфащэщ щыхьэр унэ, пащтыхь тахьтэм я нэхъ лъапІэр.

Алыхьталэм фІэкъабылу, къэгъэгъэну хуейм жыгыщІэр,
Егъэунэху ар янэщІыкІэ, и кІэм гуапэу хуогумащІэ.
ПщхьэщыкІынщи уафэгъуагъуэр, хъужьнщ бзыгъэ уафэ лъащІэр
Хъужьнщ тепщэ гуауэм гуапэр, - ар мы си гум къызегъащІэр!»

ФІыуэ догъри докІуэж, ауэ си бысымми щызэшыгъуэщ
Сэ Придон жызоІэ: «Плъагъуру? Сэ уэрыншэу сызеиншэщ.
КьигъэщІакъым Тхьэм уэ пхуэдэ, - фІыгъуэу щыІэр уэ пхуэфащэщ.
СыпхуищІащи Тхьэм цІыхугъэ, ар си дежкІэ насыпышхуэщ.

Гурэ псэкІэ сыпхуэхъунущ, уэ ухуеймэ, ныбжьэгъуфІ.
Ауэ, уэри мы си Іуэхум хэплъи, хуэщІыт унафэфІ.
Слъагъужьын си нэхур папщІэ, сыт сщІэн хуей сэ, сыт нэхъыфІ?
Си сэбэп абы емыкІмэ, хъункъым гъащІэр сэркІэ Іэфі».

Къет жэуап: «Сэ Тхьэм и тыгъэу нэхъыфІ щызиІа сымыщІэ:
Инд хэкушхуэр зи Іуэмэтыр къеблэгъащ си деж, щохьэщІэ.
Сэ си гуапэу сыпІущІами, кьысслъысыхэркъым уи фІыщІэ
Си гур уи гум гуэгъу хуэсщІынщи, сыпхуэхъунщ уэ пщылІ жьІэщІэ.

Хьышхуэм тетхэм я гъуэгуанэм мы ди къалэрщ и лъэмыжьыр.
ДэнкІи къэхъури щыхъыбарри ди деж къосри щаІуэтэжьыр.
КъэтщІэнщ уи гур пхуэзыгъэткІум и хъыбархэм я нэхъ пэжыр.
ІуэхутхьэбзащІэ сыпхуэхъуфмэ, сыт нэгъуэщІ сызыхуеижьыр?

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

Сурэтхэр **Кобуладзе Серго** *ищІащ.*

РУСТАВЕЛИ Шота, куржы усакІуэ (XII лІэщІыгъуэ)

Къаплъэныфэр зи фащэ лІыхъужь

Зэзыдзэкіар БЕР Хьэбалэщ

● Гъуэгу къежьапІэ



Ашэбокъуэ Дамирэ утыку къохьэ

Гъэлъэгъуэныгъэм къриихьэлІащ СССР-м и ЦІыхубэ артист Темырканэ Юрэрэ кинорежиссёр Вэрокъуэ Владимиррэ. Абыхэм ябгъэдэтщ Дамирэ.

КъБР-м Щэнхабзэмкі э и фондым япэу щагъэлъэгъуащ дэфтэрхэр зи лъабжьэ «Дивизия» фильмыр.

ФИЛЬМЫР теухуащ Хэку зауэшхэм зэманым къызэрагъэпэща 115-нэ шууей дивизэм. Іэхъум зэгъусэу елэжьащ «1КБР», НОТР «Нальчик» телеканалхэр. Лэжьыгъэр яунэтІащ КъБР-м Щэнхабзэмкі э и фондым и унафэщі, режиссёр Вэрокъуэ Владимиррэ режиссёр Мартиросов Ринэрэ. Фильмым и режиссёрыр Кавказ Ищхъэрэм Гъуэдзджэхэмкі э и къэрал институтыр къэзыуха Ашэбокъуэ Дамирэщ. Абы и адэшхэу Бозий Куш-бий дивизэм хэту зэуащ, Мартыновкэ Ин щІыналъэм щекІуэкІа зэхэуэ гуащІэм телъыджэу къелащ.

Фильмым хагъэхьащ дэфтэрхэр зи лъабжьэ кадрхэр, зауэм хэтахэм, ар зи нэгу щІэкІахэм къыІаха интервьюхэр, лІыхъужьыгъэ зезыхьахэм я Іыхьлыхэм, благъэхэм я гукъэкІыжхэр, зауэм теухуа гум дыхьэ узрэдхэр, макъамэ щабзэхэр. Апхуэдэу фильмым щыболъагъу Хэку зауэшхэм ТекІуэныгъэ Иныр къызэрыщахьрэ илъэс 70 зэрырикъур Мартыновкэ Ин щІыналъэм щыщагъэльапІэм къызэрагъэпэща гуфІэгъуэ зэхьхьэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэри зэрыхэтар, абыхэм щІыпІэм щыпсэуухэр гуапэу къаззрыІущІар, хэкІуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр зэрырагалъхьар. Фильмым къыхощ а зауэр щекІуэкІым Ростов областым ди хэкуэгъу щІалэу миницым щІигъу махуиплІым кьрубыдэу зэрыщыхьжкІуэдар. Абыхэм я фэеплъыр къэзакъ унагъуэхэм нобэр къыздэсым яхъумэ. 115-нэ шууей дивизэм хэта лІыхъужьхэм ящыщу нобэ псэужьір зы закъуэщ. А лІыхъужьхэм я фэеплъу Налшык къалэм ХьэтІохъуащокъуэм и цІэр зезыхьэ и зыгъэпсэхупІэ хадэм щагъэтІыса жыг щІыкІуэр зэрыхэкІам и щыхьэту, тхьэмпэхэр къапыкІащ.

Фильмыр къаззрыщыхьуам теухуауэ къэпсэльащ Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщэкі э Зэщіэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм я зэгухьэныгъэ Налшык къалэм щы Іэм и унафэщі Абдулаев Мустафа, жылагъуэ лэжьакІуэ Сэбаншы Роза, Кавказ Ищхъэрэм Гъуэдджэхэмкі э и къэрал институтым и ректор Рахаев Анатолий, Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщІ Фырэ Руслан, нэгъэщІхэри. Абыхэм къалъытащ фильмыр зыщІам къехъулІауэ, хэкум хуэпэж щІэблэ гъэсэныжьмкІэ абы мыхьэнэ иІэу.

БЖЬЫХЬЭЛІ Роза.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

ЗэкІэлъыкІуэну зэрогъэгугъэ

● «Зэныбжьэгъугъэ-2015»

«Ридадэ» хьэщІэщым щызэхуащІыжащ илъэс еханэ хъуауэ екІуэкІ «Зэныбжьэгъухэр» Іэуху дахэр.

ЗЭІУЩІЭР иригъэкІуэкІащ телевиденэм и лэжьакІуэ, уэрэджьІакІуэ **Аттаев Азнор**. Абы жиІащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и хэгъуэгуэхэм ящыщу Іуэхум хэта щІалэхэр унагъуэхэм тхьэмахуэкІэ зэрыщыхьэщІар, абыхэм ныбжьэгъущІэхэр я нэгу зэрызрагъэужьар, зыхьхьа лъэпкъхэм зэрахъэ хабзэхэм зэрызыхагъэгъуэзар, щІыпІэ дахэхэм зэрызыщагъэплъыхьар. Жиіа псалъэхэр щІигъэбыдэжу, Аттаевым экранымкІэ къигъэлъэгъуащ Іуэхум хэтахэм зытрагъэха сурэтхэр.

УФ-м и Коммунист партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и япэ секретарь **Пащты Борис** Іуэхум хэта щІалэхэм псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ.

- Іуэхур и кІэм нэблэгъами, мы махуэхэм ныбжьэгъу зэрыгъэхъуахэм фи зэкІэлъыкІуэм иджыри къыпыфщэну дыщогугъ. ЦІыхухэм яку лъагъуныгъэ дэлъыным хуэзыгъаго Іуэхум фыхэтыным арэзы техъуа фи адэ-анэхэм фІыщІэ яхузощІ. Лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм ящыщу зэрыцІыхуа щІалэхэр фызэкІэлъыкІуэну, фызэрыгъэныбжьэгъуну, ехъулІэныгъэ куэд фиІэну, зи цІэр фІыкІэ жаІэну цІыху къыфхэкІыну сынывохъуэхъу, - жиІащ Пащтым.

ЩІалэхэр тепсэлъыхьыжащ унагъуэхэр къаззрыІущІам, ягу нэхъ кьинэжахэм, гъунэгъу лъэпкъхэм я хабзэхэм, я псэукІэм, я гъащІэм щыщу къащІахэм, кьыхуащІа гулъытэр щІэх зэращымыгъупщэнум, махуэхэр псынщІэу зэрыблэлъэтам.

Къэбгъэлъагъуэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэщІа щІалэхэм Іуащхьэмахуэ лъапэ зыщІагъэплъыхьащ, щыналъэм щыпсэухэр зрагъэцІыхуащ, школхэмрэ кІуажэхэмрэ гуапэу ирагъэблэгъащ, лъэпкъ шхыныгъуэхэр зэрыгурыхьыр зыхрагъэщІащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыщхэр кьызэрырагъэблагъам хуэдэу, езыхэри гъунэгъу республикэхэм щыхьэщІащ.

«Зэныбжьэгъухэр» Іуэхум хэта щІалэхэр чэзуэ утыкум ирагъэблэгъащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Дзэлыкъуэ щІынальэм щыщ Хьалил Астемыр и унагъуэм щыхьэщІащ Дагъыстэн Республикэм щыщ Гаджиев Гасан. Астемыр хьэщІэм игъэцІыхуащ и классэгъуэхэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ, Іуащхьэмахуэ лъапэм, Шэджэм псыкъелъхэм, бгыхэм зыщригъэплъыхьащ. Гасан жиІащ Астемыр и унагъуэр гуапэу кьызэрыІущІар, хьэщІагъэшхуэ кьызэрырахар зэрыщымыгъупщэнур икІи ныбжьэгъу кьыхуэхъуа щІалэр я щІыналъэм зэрыригъэблагъэр.

КъыкІэлъыкІуэу утыкум ирагъэблэгъащ Дзэлыкъуэ щІыналъэм щыщ Шыхъуэстэн Аэмэтрэ Шэшэн Республикэм къикІа Айдамиров Зауррэ. ЩІалэхэр тепсэлъыхьыжащ нэхъ гъунэгъуу зэрызэрыцІыхуам, нэгуэныжьу тхьэмахуэр зэрагъэкІуам, республикэм и щІыпІэ дахэхэм зэрызыщапІъыхьам. Заур зэрыжиІамкІэ, псом хуэмыдэу адыгэ шхыныгъуэхэр игу дыхьащ.

Зэхьхьэм хэта щІалэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ щІыхь тхылъхэр, сертификатхэр, фэеплъ саугъэтхэр тыгъэ хуащІащ.

Мы Іуэхур «Хэкупсэ» зэгухьэныгъэм 2009 гъэм ди республикэм зэрыщригъажьэрэ абы хэтащ Кавказ Ищхъэрэм щыщ щІалэгъуалэ куэд. Іуэху дахэм и фІыгъэкІэ щІыналъэ зэхуэмыдэхэм щыщ щІалэхэр къуэш зэрыгъэхъуащ, я унагъуэхэри илъэс бжыгъэ хъуауэ зэкІэлъокІуэ.

«Институт проблем гражданского общества» зэгухьэныгъэм мы Іуэхум мылъкукІэ зыкъыщІегъаькуэ. КъБР-м Егъэджэныгъэмкі э, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхугъэмкі э и министерствэр ядоІэпыкъу.

Зэхьхьэр республикэм и артистхэм ягъэдэхащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

● Шыгъажэ

ТекІуэныгъэр зыхуэдэр къащІэ

Ипподромым щекІуэкІа зи чэзу щыгъажэр саугъэтхэмкІэ къулей-тэкъым. Ар къызыхэкІари гурыІуэгъуэщ: щыщхьэуІум и 9-м ди къаладащхьэ ипподромым щууей нэхъыфІхэмрэ щыгъажэщхэмрэ щызэпеуэнущ къуентхъ нэхъыщхьэр - Къэбэрдей-Балъкъэрым и Дербир - къэхьыным. ЗэкІэ утыку къихьэну Іэмал зратар щыгъажэ зи хэмытахэмрэ, хэтахэми, темыкІуэхэмрэщ.

ЯПЭ стартерым (аращ зэреджэр япэу утыку къихьа щыхэм я щыгъажэм) илъэсит1 зи ныбжь щы лъэпкъ къабзэхэр метр 1200-рэ гъуэгуанэм къыщызэдэжэнут, текІуэм «Эльбрус» щы-спорт клубым и саугъэтыр иратыну. Сэкрэж Заур и Роял Дансер пцІэгъуэплъым и хьэрхуэрэгъу Сардания («Эльбрус» щы-спорт клуб) кьызэринэкІри, бжьыпэр иубыдащ. Ар къигъэжащ щууей Щоджэн Іэдэм, тренерыр Бахъуэ Мухьэмэдщ.

КъБР-м щы лъэпкъыфІхэр гъэхъуным зыщІегъэужьынымкІэ, абы зыщІэгъэкъуэнымкІэ и фондым и саугъэтым щыщІэбэн щыгъажэм хэтащ япэу зэхьэзэхуэм кьыхьыха хакІуэу тху. Метр 1200-рэ гъуэгуанэр аргуэру нэхъ псынщІэу кьызэпичащ Сэкрэж Заур и пцІэгъуэплъ фІыцІэ Итхол (Тормонт - Инсайт). Тренерыр Бахъуэ Мухьэмэдщ, щууейр Щоджэн Іэдэмщ. ЕтІуанэ увыпІэр лъысащ абы и хьэрхуэрэгъуу щыта, Ингушым щыщ Евлоев Д. и Блэнфдорд Мун щыгъажэщыр.

КъыкІэлъыкІуэу къызэдэжащ зэкІэ текІуэныгъэ зимыІа, илъэсищ ныбжь щыгъажэщхэр. КилометритІ гъуэгуанэр нэхъ псынщІэу кьызэринэкІащ «Балъкъ» шы заводым и Мулатым. Тренер Алокъуэ Аслъэндэрий и нэІэм щІэт Мулатыр къигъэжащ щууей Шыкъ Астемыр.

АдэкІэ гъуэгур хуит хуащІащ илъэсипІ зи ныбжь, нэхъыжь шыхэм. Абыхэм къапэщылът метр мини 2 кьызэпачыну. Щыгъажэм дихьэхэм я деж щыцІэрыІуэ «нэхъыжьхэм» ящыщу нэхъ жыджэру къыщІэкІащ Чигиров Алим и шы къарэ Эбернест (Тёрд Сакер - Эрбия). ШууейрПщыкІ Амирщ. Абы къыкІэлъысащ «Балъкъ» шы заводым и Орландэ.

ТЕРКЪУЛ Мартин.

Іэщэр ящэху

● ФщІэн папщІэ

Республикэм щыпсэухэм Іэщэхэмрэ абыхэм я пкъыгъуэхэу хабзэм къемыдзэгъыу яІэр «Іэщэ» нэжьыгъэм хиубыдэу ахъшэ пэкІуэу кьыІахьыжьым пащэ.

УРЫСЕЙ МВД-м Шэрдж районымкІэ и къудамэм зыхуигъэзащ Къарэ-Су къуажэм щыщ, илъэс 64-рэ зи ныбжь цІыхухъум. Бор щикъутэжьым абы къигъуэтащ зи калибр мм 16 хъу фоч. ЛІым зэрыжиІамкІэ, ар еинкІэ хъунущ 1985 гъэм дунейм ехьжа и щыкъу адэм. Фочыр КъБР-м щыІэ МВД-м и эксперт-криминалист центрым ягъэхьащ.

Полицэм фигу къегъэкІыж: КъБР-м и Правительствэм 2014 гъэм къищта Унафэм ипкъ иткІэ хабзэм къемызэгъыу яхъумэ Іэщэр, абы иралъхьэ щэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэр цІыхухэм хабзэхъумэ ІэнатІэм иратыбрынущ, ахъшэ кьыпэкІуэу.

И фІэфІыныгъэкІэ Іэщэр зытыр Урысей Федерацэм и цІыхуу, илъэс 18 ныбжьым нэхъыр мынэхъ щІалэу щытыпхъащ. Ахъшэр цІыхум ират банк, пощт хуэлъхуэщІэхэм тету.

ЦІыхуэхэм я фІэфІыныгъэкІэ ят Іэщэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ пэкІуэ ахъшэр зыхуэдизыр

№ п/п	Іэщэм, абы и Іэмэпсымэхэмрэ къагъауэ веществохэмрэ	Пэкіуэ сом бжыгъэр
1	КІэрахъуэ, револьвер	15000
2	Автомат	20000
3	Пулемёт	25000
4	ГП-25, ГП-30 гранатэдзхэр	15000
5	Гранатэдз РПГ-7, 7В, 27	17000
6	РПГ-18, 22, 26, 27 зэ къэгъэсэбэпыгъуэ гранатэдз	15000
7	СВД фоч	25000
8	КІэрахъуэ-пулемёт	15000
9	ЩакІуэ карабин	6000
10	ЩакІуэ фоч	3000
11	ГазкІэ лажьэ кІэрахъуэмрэ револьверымрэ	1000
12	КІэрахъуэ, револьвер Іэрыщі	5000
13	Ягъауэ Іэрыщі Іэмэпсымэ	500
14	Къагъауэ пкъыгъуэм (тротил, пластид, аммонит, аммонал, нэгъэщІхэри) и зы граммым	5
15	Къагъауэ Іэмэпсымэм (ВВ, СВ зыхьихьэ Іэмэпсымэ)	3000
16	Къызэрагъауэ Іэмэпсымэм (электродетонатор, капсюль-детонатор, зым хуэзэу мафІэ, электрокъару зэрыкІуэ кІапсэкэр - зы метрым хуэзэу	200
17	Штатнэ Іэщэ Іэмэпсымэ (артиллерие Іэщэм и гъэуэгъуэхэр)	2000
18	РПГ-м и гъэуэгъуэ	2500
19	РПО-А мафІэ езыдз	10000
20	Гранатэдзым и гъэуэгъуэм (ВОГ-30, 25, 25П) и шэ	2000
21	Гранатэ (Ф-1, РГО, РГН, РКГ-ЗЕМ, РГ-42)	2000
22	Инженер лагъымэ (сапёр лагъымэ)	1000
23	Фоч, кІэрахъуэ зэмылІэужьыгъуэхэм я шэхэмрэ пкъыгъуэхэмрэ	10

Къэрал кІэуцІ Іэхъухэмкі э министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Кавказ Ищхъэрэм и щІалэгъуалэм я зэхуэсым Шэджэм районым и лІыкІуэхэри хэтащ

Бадзэуэгъуэм и 21-24-хэм Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыщ Архъыз къуажэм щекІуэкІащ зи армэ кІуэгъуэхэмрэ зи ныбжьыр абы нэблэгъахэмрэ я слёт. Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэ псомиякьикІа щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ а зэхуэсыр траухуащ Хэку зауэшхэм ящыщахьа ТекІуэныгъэр илъэс 70 зэрырикъум икІи Кавказ къуршым щыщу нэхъ зауэ гуащІэхэр щекІуэкІахэм зэщІыгъуу щыІащ.

ИПЩЭ Федеральнэ округымрэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округымрэ я щІыналъэхэм кьикІа командэ 13 яхэтащ Шэджэм муниципальнэ районым и еджакІуэхэр, физкультурэмкІэ егъэджакІуэ Сасыкъ Анзор я пашэу. Абы къызэрыджиІэжамкІэ, хьэщІэхэр ди къуэш республикэм хуабжу гуапэу щрагъэблагъащ. Зэхьхьэр къыщызэІуаха махуэм щегъэжьауэ ар зэхуащІыжьыху Іуэху псоми жыджэру хэтащ КъШР-м Туризмэмкі э, курортхэмкі э, щІалэгъуалэ политикэмкі э и министрым и къуэдзэ Къзанокъуэ Арсен, а министерствэм и къудамэхэм я унафэщІхэу ЩыБзыхъуэ Аслъэнбэч, Маслов Александр сымэ, МЧС-м, ДОСААФ-м, гъунапкъэхъумэхэм я лІыкІуэхэр.

Зэхьэзэхуэм и программэм конкурс зэмылІэужьыгъуэу тху хиубыдэрт. А псоми япкъ иткІэ, КъБР-м и командэм ещанэ увыпІэр кьихьащ. АбыкІэ хэхауэ фІыщІэ ябгъэдэлъщ ди командэр а зэпеуэм хуэдизкІэзэрарэхэм - щхьэлыкъуэ кьуажэм и администрацэм и Іэтащхьэ Къунькъ Хьэчим, Шэджэм районым егъэджэныгъэмкІэ и управленэм и методист Ало Исльам, егъэджакІуэхэу Бойкэ Евгений, Гуанэ Леонид сымэ.

КЪУЭЩІЫСОКЪУЭ ФатІимэ.



Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэкіэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщіэпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщі Иэз.**

Езыгъэтхэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі э - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі э-хэм я ядэлэжьэныжьмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі э-м - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДышэкІ Соня, редактору Жьэкіэмыхъу Маринэ, корректорхэу Адэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Аэмэт** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящащ* **Доп Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бищу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.167 ● Заказ №1316